

**Son Ekselans,  
Dr Jean-Bertrand Aristide,**

**swetew yon**

**Bòn Ane 2009!**

Sè m, Frè m,

Nan lespri Mèm Amou an,  
Minouche avèm kontan  
Vin anbrasew fratènèlman  
E swetew yon Bòn Ane 2009.

Jan Jezi ta diw nan lang ebre a : שְׁנָה טוֹבָה  
Ki vle di : Bòn Ane ! שְׁנָה טוֹבָה Bòn Ane !

Anpil afeksyon pou ti moun yo !  
Yon gwo akolad espesyal pou  
Tout viktim lekòl ki efondre yo  
Ak tout viktim dènye siklòn yo,  
Pandann swete solèy 2009 la  
Va klere nan yon pi bèl Ayiti.

Limyè ak chalè solèy la pran  
8 minit 18 segonn pou rive sou tè a.  
Pèmèt mwen pran kèk segonn  
Poum fè chalè salitasyon an rive  
Nan tout seksyon kominal  
Kòm nan tout katye popilè :

Okap, Okay, Jeremi, Pòdepè, Fò Libète, Gonayiv,  
Ench, Jakmèl, Miragwan, Sen Mak, Tigwav,  
Site Solèy, Lasalin, Bèlè, Solino, Matisan,  
Gran Ravin, Kafou, Taba, Laplenn, Delma,  
Petyonvil, Kenskòf, kòm nan Pòtoprens  
Enfen, nan kè Ayisyen lakay kòm lòt bò dlo,  
San bliye frè nou Lovenski Pierre-Antoine.

Chak premye janvye toujou sanble  
Ak yon paj blanch nan kaye listwa.  
Nan paj premye janvye 1804 la,  
Gran Gran Paran nou yo te ekri  
Yon kokenn Testaman Diyite  
Pou tout Ayisyen te ka viv nan  
Libète – Egalite – Fratènite.

Testaman an vin blaze men li pa efase.  
Testaman an chifonnen men li pa dechire.

Pandan nou youn ap swete lòt  
שְׁנֵה טוֹבָה שְׁנֵה טוֹבָה Bòn Ane,  
Nou salye memwa tout moun  
Ki sakrifye lavi yo nan defann  
Dwa ak Diyite Pèp Ayisyen.

Onè pou Papa Jan Jak Desalin le Gran !  
Respè pou Jeni ras la, Tousen Louvèti !

An 1802, kidnaping Tousen Louvèti  
Te reprezante nan listwa dAyiti  
Yon pwèn alaliy e non yon pwèn final.  
Jodia plis ke jamè, Tousen Louvèti  
Rete yon gid pou save nan syans sosyal.  
Jeni sa a se yon Ewo entènasyonal  
Pou tout Pèp vanyan ki swaf jistis :  
Jistis sosyal kòm jistis ekonomik.

Anvan kidnaping ane 1802 a,  
Tousen tap fè louvèti pou Ayiti.  
Youn nan pi gwo tonton zam  
Tousen te itilize, se te sèvol.  
Sèvo pal te toujou branche  
Sou sèvo Pèp vanyan an.

Pèsonn pat reyisi jwe nan may Tousen  
Pou dekonekte sèvol ak sèvo Pèp la.

Santonaks eseye, nad marinad.  
Edouvil eseye, anyen menm.  
Prejije Napoleyon Bonapat  
Te anpechel konprann kijan  
Tousen te gen yon sèvo lòt nivo.

Sèvo Tousen kòm sèvo tout moun  
Peze 2 pou san pwa kò a, men  
Li konsome 20 pou san oksijèn  
Ak san kap sikile nan kò a.  
Si yon moun pase 3 a 5 minit  
Sanl pa respire oksijèn,  
Moun sa a deja tou pre lanmò.

Pou Tousen Louvèti, libète se tankou oksijèn.  
Kote ki gen lesklavaj, Tousen pat ka respire.  
Soufrans mas Pèp la se te soufrans pal.  
Lè flèch tribilasyon an pike youn nan yo,  
Tousen te santi doulè a nan pwòp kè pal.

Jiskaprezan, se menm bonte sa a  
Ki ret tache sou Pèp Ayisyen an  
Tankou yon pafen ki santi bon.

Kit se bonte sa a, kit se zantray Peyi a  
Ou rasin kilti a, tout gen pafen santi bon.  
Dayè, pou jan Peyi nou an nan mizè,  
Si se vre zo a pat gen ni vyann ni mwèl,  
Ou kwè ta gen tout koudeta sa yo ?

Dènye koudeta kidnaping 29 fevriye 2004 la  
Kase tout kolonn vètebral Peyi a bout pa bout  
San poutchis yo pa janm jwenn bout ki gen sèvo a.

Mennen koulèv la lekòl se youn, fèl chita se de.  
Pèp la granmoun depi nan zòtey rive nan tèt.  
An bon kreyòl : Pòch li vid men tèt li pa vid.

Ann gade byen ! Jodia atravè lemond,  
Chak 40 segonn, yon moun swiside tèt li.  
Pi fò swisid sa yo fèt nan peyi moun rich.  
Erezman bò lakay, sèvo moun pa tonbe  
Nan tantasyon sa a pou ti krik ti krak.  
Solidarite moun ak moun bay anpil vitamin  
Pou fòtifye 100 milya selil ki nan sèvo a.

Gen yon gwoup nan selil sa yo ki rele neronn.  
Selil neronn yo espesyalize nan kominike youn ak lòt.  
Kominikasyon sa a pèmèt sèvo a kòmande tout rès kò a.

Bò dwat sèvo a kòmande tout bò goch kò a.  
Bò goch sèvo a kòmande tout bò dwat kò a.

E 2 bò sèvo a kominike antre yo  
Gras a yon matyè ki kole yo ansanm.  
Matyè sa se tankou yon lakòl blanch  
Ke save yo rele “kòpous kalosoum.”

Lè koudeta fann yon peyi 2 bò,  
Fòk minorite a rekole ak majorite a  
Tankou 2 bò yon sèvo ki kole  
Ak “kòpous kalosoum.”

Wi, lè koudeta fann yon peyi 2 bò,  
Fòk minorite a rekole ak majorite a  
Tankou 2 bò yon sèvo ki kole  
Ak “kòpous kalosoum.”

Inite sa a endispansab paske sèvo a bezwen  
Ni vitamin ki soti nan manje moun manje,  
Ni vitamin ki soti nan solidarite moun ak moun.

Souwè Bòn Ane ki pataje ak senserite,  
Pa egzanp, ka bay bon vitamin solidarite.  
Kanta pou tout bon souwè ki soti nan  
Bèl solidarite 15 jiyè a menm, se pa pale !

Pèmèt mwen pwofite din 15 mil mès  
Pou kokenn temwayaj solidarite sa a.  
Jan Touden Louvèti te aprann nou an,  
Sèvo nou ap toujou branche youn nan lòt.

Pami 100 milya selil ki nan sèvo moun,  
Gen yon lòt gwoup yo rele selil gliyal.  
Selil gliyal yo espesyalize nan pran swen  
Lòt gwoup selil ke yo rele neronn yo.

Chak gwoup selil sa yo gen espesyalite pa yo.  
Men, youn bezwen lòt pou gen bon fonksyonman.  
La a toujou, nou obsève yon bèl sous enspirasyon  
Pou ranfòse solidarite ant Ayisyen ak Ayisyen.  
Trè souvan, absans amoni lage latwoublay  
Anndan sosyete a kòm anndan sèvo moun.

Atravè lemonn, sou chak 4 moun,  
Gen youn ki souffri twoub mantal.  
Nan lane 2020, pral gen plis moun  
Kap fè depresyon sou depresyon,  
Plis moun kap souffri strès ou vin fou.

Dayè, 75 pou 100 nan moun  
Ki souffri twoub mantal pa gen kòb  
Pou chèche bon jan tretman kay doktè.  
Konsa, yon senp twoub mantal  
Konn transfòme an maladi mantal.

Soti nan twoub mantal ou nevroz,  
Tonbe nan maladi mantal ou psikoz,  
Se soti nan ti depans tonbe nan gwo depans.  
Lè sa a, pa gen ni lapè nan tèt ni lapè nan vant.

Pou gen lapè nan tèt ak lapè nan vant,  
Fòk pa gen asid batri nan trip moun.  
Boulvès trajik mwa avril 2008 yo  
Reveye chofè tèt mato kap dòmi  
Sou volan kamyon bwat mizè a,

Men, nou toujou panche 2 wou anlè  
Bò falèz malè pandye - pi ta pi tris la.

Pèsonn pa bezwen linèt gwo loup pou wè  
Pèp la pa rantre tout bon, se sou twotwa a  
Li kanpe ak menm asid batri a nan vant li.

Lavichè sa a fè yon lòt seri dega ki pa twò vizib  
Men, viktim yo la e yap ogmante nan divès peyi :  
Chak ane 18 milyon ti moun fèt tou andikape mantal.  
Pouki sa ? Paske yo manke yon vitamin ki rele yòd.

An jeneral, ti bebe ki gen ant 6 a 24 mwa  
Toujou bezwen bon jan vitamin yo rele fè a.  
Absans vitamin sa a, malerezman, ralanti  
Devlopman mantal 60% nan ti bebe sa yo.

Tank kalamite sa yo fè dega nan sèvo moun,  
Se tank yo fouye twou lanmò toupatou sou tè a.

Konsa,

- Chak jou, 25 mil moun mouri grangou nan lemonn.
- Chak 5 segonn, m di byen, chak 5 segonn,  
yon ti moun mouri grangou.
- Chak ane, 9 milyon moun mouri grangou.

Pou tablo trajik sa a parèt pi klè toujou pou nou,  
Ann imajine yon peyi ki menm gwosè ak Ayiti  
E ki genyen menm kantite popilasyon moun ladann.  
Nan lespas yon sèl ane, tout moun nan peyi sa a disparèt.  
Se egzakteman malè sa a ki rive chak ane atravè lemonn.

Sèm, Frèm,

Ou kwè Touden ta ret bra kwaze, bouch be  
Devan konsekans esklavaj modèn sa a ? Jamè.  
Touden tap fè sèvol mache pou mobilize  
Tout moun ki vle tout moun viv kòm moun.

Nan sans sa a, fòk Fanmi Lavalas toujou loreya  
Nan mobilize Pèp la pou defann enterè Pèp la.  
Pasifikman ! Fòk Fanmi Lavalas toujou loreya  
Nan mobilize Pèp la pou defann enterè Pèp la.

Ak rezon, paske toupatou se mèt kò ki veye kò.  
Anvan kidnaping 29 fevriye 2004 la, lespwa te fè viv.  
Jodia, boujon lespwa a pa fleri anba wòch trayizon.  
Li klè, boujon lespwa a pa fleri anba wòch trayizon.

Aletranje lè yo pa montre Ayisyen kap manje tè,  
Kamera a fikse sou bòl ble lacharite silvouplè a.

Soufrans sa a pou nou tout,  
Sòf pou sèvo ki nan koma.  
Pandan tout ane 2009 sa a,  
Fòk n ede sèvo ki nan koma yo  
Reveye poun met men ansanm.

An 2007, sèvo yon Polonè ke yo rele  
Jan Grzebski te reveye byen vivan  
Aprè msye te fin pase 19 lane nan koma.

Wi, lè a rive pou yon revèy san parèy, paske  
Imilyasyon Ayiti se imilyasyon tout Ayisyen.

Se pa pou lawont sa a Touden te sakrifye lavil.  
Paske imilyasyon Ayiti se imilyasyon tout Ayisyen,  
Fòk nou tout pote kole pou nou chanje sa  
Nan mobilize ni matyè griz, ni matyè blanch.

Anndan sèvo tout moun ki nòmal,  
Pa gen matyè griz san matyè blanch.  
Plis selil sa yo ponpe enèji nan sèvo a,  
Plis n p jwenn kouraj pou nou refè  
“ L’Union fait la Force.”

Konsa, Testaman an pap ni blaze ni dechire.  
E nou tout, na santi nou pi fyè pou nou viv  
Nan yon lòt Ayiti, kidonk yon Ayiti ki pi bèl.

Se nan lòt Ayiti sa a menm  
Nou kase yon randevou istorik :  
Randevou MEM AMOU AN !

Nan lang Swahili,  
**Upendo huo huo !**  
Sa vle di :  
MEM AMOU !

Annatandan Minouche avèm  
Vin kanpe bradsou bradsa avèw  
Nan randevou Mèm Amou an,  
Nou anbrasew fratènèlman e diw  
An Swahili : **Tutaonana Ayiti !**  
Sa vle di : Na wè an Ayiti !  
**Ana kwa ana !** Sa vle di : Fasafas !

Tutaonana Ayiti ! Na wè an Ayiti !  
Ana kwa ana ! Fasafas !  
Upendo huo huo ! Mèm Amou !

Pretoria, Desanm 2008